

## Interim Assistance Reimbursement Authorization (Otorizasyon Asistans Ranbousman Pwovizwa)

NON KLIYAN	NIMEWO SEKIRITE SOSYAL	NIMEWO IDANTIFIKASYON KLIYAN	NIMEWO TELEFÒN
ADRÈS LARI	VIL	ETA	KÒD POSTAL
ADRÈS POSTAL	VIL	ETA	KÒD POSTAL

**Tèm eta a vle di Washington State Department of Social and Health Services (Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal Washington). Tèm mwen yo dezinye kliyan ki mansyone pi wo a. Tèm SSA vle di Social Security Administration (Administrasyon Sekirite Sosyal). Tèm SSI vle di revni sekirite sosyal siplemantè, ki se yon pwogram konpleman revni federal. Tèm asistans pwovizwa a vle di peman lajan kach ki totalman finanse pa lajan eta a ak founi pa eta a nan oswa sou non kliyan an pou satisfè bezwen debaz kliyan an ki pita diplike pa yon peman SSI Inisyal oswa retabli.**

**Kisa mwen otorize pa siyen fòm sa a?**

Si yo jwenn mwen kalifye pou resevwa peman SSI, mwen konprann mwen otorize Komisyonè SSA pou bay eta a nan peman SSI retroaktif mwen, yon kantite lajan ki egal a kantite lajan leta asistans piblik mwen te resevwa.

**Eta a gen otorite pou mande pou mwen siyen otorizasyon sa a?**

Wi. Siyen otorizasyon an se yon egzijans kalifikasyon pou asistans lajan kach eta a pou chak WAC 388-400-0060 ak RCW 74.62.030. . Si mwen refize siyen otorizasyon sa a, mwen pa ka resevwa asistans piblik eta a.

**Kisa pou mwen fè si SSA voye peman an plen retroaktif la pou mwen?**

Mwen konprann ke mwen pa ka resevwa asistans piblik eta a ak benefis SSI pou menm peryòd tan. Lè mwen apwouve pou SSI, mwen konprann ke asistans piblik eta a vin yon dèt mwen dwe epi mwen dwe repeye. Si mwen resevwa peman SSI retroaktif ki pa redwi pou remèt eta a, mwen pral rele Office of Financial Recovery (Biwo Rekiperasyon Finansye) nan 1-800-562-6114 epi swiv enstriksyon yo sou fason pou peye dèt la.

**Konbyen tan otorizasyon sa a efikas?**

Otorizasyon an dwe siyen pa mwen ak yon reprezantan eta pou ke li ka valab. Li angaje eta a ak mwen pou yon ane kalandriye soti nan dat eta a resevwa li e mwen dakò pou depoze yon demand nan SSI pandan tan sa a.

Lè yo **depoze** yon aplikasyon SSI, otorizasyon sa a **kontinye ap valab** jiskaske:

- Mwen jwenn premye peman SSI mwen an; oswa
- Mwen pa depoze yon demann pou revizyon oswa apèl administratif epi tan maksimòm ki pèmèt pou depoze ekspire; oswa
- Eta a ak mwen dakò pou mete fen nan otorizasyon sa a.

**Otorizasyon sa a pa angaje mwen si eta a pa notifie SSA nan 30 jou ki vini apre dat ke mwen te siyen otorizasyon sa a.**

**Otorizasyon sa a sèvi kòm yon depo pwoteksyon pou benefis SSI?**

Wi, si mwen pa deja depoze yon aplikasyon SSI, SSA dwe aksepte fòm sa a epi sèvi ak dat mwen te siyen otorizasyon sa a kòm dat mwen te aplike pou SSI si mwen depoze yon aplikasyon SSI nan 60 jou ki vini apre dat mwen te siyen otorizasyon an. Si mwen pa depoze yon aplikasyon pou benefis SSI nan 60 jou, otorizasyon sa a pa pwoteje dat depozisyon mwen an pou SSI.

**Mwen gen dwa ak yon odyans administratif si mwen pa dakò avèk yon aksyon eta a konsènan otorizasyon sa a.**

SIYATI KLIYAN AN	DAT
SIYATI REPREZANTAN DSHS	DAT DSHS RESEVWA L'

